



## Westbury Union Free School District

Two Hitchcock Lane, Old Westbury, New York 11568-1615

516-876-5016 – Fax: 516-876-5187

CONSTANCE R. CLARK, Ed.D.

Superintendent of Schools

Chè Paran/Responsab,

Daprè latik 6-C lwa leta Nou Yok la pou zafè koreksyon, Depatman polis “Nassau County-a” la fè nou konnen ke gen you moun ki te kondane pou zak seksyèl ki vinn abite nan kominote a.

Nou fè pase enfòmasyon sa-a bay tout direktè lekòl nou yo, bay moun kap resevwa vizitè nan lekòl yo, bay chofè bòs, bay moun ki netwaye lekòl nou yo, bay moun ki responsab kote ti moun yo jwe epi bay antrenè yo. Tout lòt anplwaye nou yo ap okouran de enfòmasyon sa-a tou. Nou mande tout anplwaye pou yo tyeke avèk sipèvizè yo si yo remake you moun ke yo you ti jan sispèk nan vwazinaj kote ki gen ti moun epi pou yo fè zotobre lekòl yo avèk zotobre la lwa yo konen si yo wè you moun ki te kondane pou zak seksyèl nan zòn nou mansyone yo.

Sekirite ti moun nan lekòl nou yo se priyorite nou. Se sak fè nou fè ou konnen enfòmasyon sa-a pou ka rete vijilan pou ka pwoteje pitit ou. Nan tout lekòl yo, genyen you fèy kote pou tout vizitè siyen lè yap rantre, epi se pou yo ale dwat nan ofis principal la. Yap siyen tou lè yap sòti. Anplis, nan pwogram lekòl yo nou mete klas kote nou montre ti moun yo kouman pou yo pwoteje ak defann tèt yo lè you etranje apwoche yo. Si nou gen kesyon oubyen si nou bezwen plis enfòmasyon sou bagay sa-a, rele **Nassau County Sex Crimes Squad** nan nimewo sila-a: 573-8059 oubyen ou ka ale sou entènèt epi tape youn nan liy sa-a yo:

[www.parentsformeganslaw.com](http://www.parentsformeganslaw.com)

[www.criminaljustice.state.ny.us](http://www.criminaljustice.state.ny.us)

Tanpri ou mèt rete kwè ke Distri Wesbèri-a ap kontinye pran mezi ki nesèsè pou pwoteje ti moun ki nan lekòl nou yo.

Mèsi anpil pou atansyon-w.

Constance R. Clark, Ed.D.

Sipèntandan pou lekòl yo

CRC/rt